# Шымбай районында әмелге асырылған жумыслардың 9 айлық жуўмағы додаланды

Бүгин 2022-жыл 4-октябрь күни Шымбай районында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Қ.Сариев басшылығында райондағы әмелге асырылған жумыслар комплексли түрде додаланды.

Image not found or type unknown

Райондағы исбилерменликти раўажландырыў ҳәм жеңиллетилген кредитлер арқалы пуқаралардың бәнтлигин тәмийинлеў көрсеткиши жүдә төменлиги, қурылыс тараўындағы ишки жоллар, ишимлик суўы, газ, электр тармақларындағы насазлықлар ҳәмде социаллық обьектлердиң қурылыс жумыслары ўақтында жуўмақланбағаны қатаң түрде сынға алынды.

Image not found or type unknown

Бул комплексли ислерди жеделлестириў ҳәм сапластырыў мақсетинде Республика штабы дүзилип, жыл жуўмағына шекем ис-режеси белгилеп алынды ҳәмде районды кәмбағаллықтан шығарыў системасының жол картасы бойынша тийисли тараў басшыларына өз көрсетпелерин берип өтти.

Image not found or type unknown